



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE VILLAJ PHOENIX, MORAVIA AK HAMILTON KÒM GANYAN L NEW YORK SANTRAL NAN KAD PREMÈ FAZ PWOGRAM NY FORWARD LA

Vilaj Phoenix pral resevwa 4.5 milyon dola; Vilaj Moravia ak Hamilton pral resevwa 2.25 milyon dola yo chak

Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan inisyativ revitalizasyon anba lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Phoenix pral resevwa 4.5 milyon dola, epi Vilaj Moravia ak Hamilton pral resevwa yo chak 2.25 milyon dola finansman antanke gayan rejyon New York Santral pou premye faz NY Forward la. Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Nan kad Premye Faz NY Forward la, yo pral akòde de a twa prim bay kominote ki pi piti yo nan chak nan dis rejyon devlopman ekonomik eta a pou sipòte devlopman ak aplikasyon yon plan revitalizasyon pou anba lavil yo.

"Anbalavil New York yo se kè ak nanm kominote ak rejyon nou yo, epi NY Forward pral asire ke Phoenix, Moravia, ak Hamilton gen resous yo bezwen pou yo pwospere ak fleri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral redinamize vilaj sa an zòn ki trè aktif yo te ye yon fwa lè yo fè kominote yo pi fasil pou pyeton, kreye nouvo opòtinite lojman, epi atire biznis yo."

NY Forward se yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik eta a, k ap travay ansanm avèk DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon anba lavil New York yo. NY Forward sèvi kominote ki pi piti yo avèk yon karaktè istorik ki distenge yo de pi gwo distri komèsyal santral iben yo ki finanse jeneralman atravè DRI. Kominote NY Forward yo se kominote pyeton, ki se zòn ki mwen dans ki sèvi kominote lokal dirèk la, epi ki gen plis nati lokal - ki konsantre sou anviwònman rezidansyèl dirèk oswa devlopman agrikilti santral la.

Menm jan ak DRI, chak kominote NY Forward pral devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a atravè yon seri pwojè ki fasil pou egzekite. Depatman Deta a pral bay plis asistans teknik pou pi byen sipòte kominote ki pi piti yo ki ka gen mwens kapasite nan kad pwogram NY Forward la epi finanse pwojè ki apwopriye pou gwosè chak kominote. Pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa amelyore espas piblik yo ak lòt pwojè ki ogmante kalite espesifik kiltirèl, istorik ki amelyore santiman cham ti vil yo.

Phoenix

Vilaj Phoenix se yon kominote kanal ki rich ak istwa 19èm syèk ak karaktè ki santre ozalantou Lock 1 nan Kanal Oswego otou Rivyè Oswego. Distri Litoral Kanal Phoenix la pral konsantre sou fon NY Forward la. Phoenix ap chèche reyalize vizyon li pou revitalizasyon nan anbrase istwa kanal li yo ak pouwit inisyativ devlopman ekonomik kontinyèl, ansanm ak yon angajman pou bilding konpatib ak konsepsyon espas ouvè. Vilaj la vize pou amelyore opòtinite ekonomik, rezidansyèl ak lwazi ki disponib nan Distri Litoral Kanal la ak nan tout Vilaj la lè li re-envesti nan bilding yo epi rekreye kominote kanal k ap pwospere ki te egziste yon fwa sou Kanal Oswego a nan Lock 1. Nouvo biznis elaji sa yo, estòk lojman abòdab ak anviwònman bò litoral pral atire moun ki soti toupatou nan peyi a nan anviwònman distenktif Vilaj la ki santre sou kanal la.

Moravia

Moravia, ki rich nan istwa ak karaktè ti vil, vize kreye yon anba lavil k ap pwospere ki sipòte kominote a epi ankouraje kwasans dirab pandan l ap pwoteje resous natirèl li yo epi asire sante ak sekirite sitwayen li yo. Vilaj la sitiye nan yon vale, ki antoure pa vas kèk twonson agrikòl ak forè epi li sitiye yon ti distans soti nan feskremite sid Lak Owasco a. Estratejikman sitiye ant twa sant iben mwayen yo, anba lavil Moravia sèvi kòm sant biznis ak aktivite sosyal pou non sèlman Vilaj la, men tou pou plizyè vil riral ki tou pre. Moravia anvizaje vin sèl founisè sèvis kle nan sid Konte Cayuga epi li ap chèche amelyore opòtinite pou kwasans komèsyal, kiltirèl ak lwazi.

Hamilton

Hamilton se yon vilaj konpak, ki pratik pou pyeton ak karaktè yon ti sant iben ki antoure pa peyizaj ki an fonksyon nan zòn riral yo. Anba lavil istorik Hamilton lan nan lis nan Rejis Nasyonal Plas Istorik (National Register of Historic Places) yo akòz anpil egzanp ki byen konsève nan achitekti ane 1890 yo. Distri komèsyal li a piti, men li chaje ak biznis inik ke yo posede lokalman, ansanm ak Hamilton Farmers' Market (Mache Fèmye Hamilton) nan Vilaj Green chak me rive oktòb, ki atire plis pase 80 machann ki soti toupatou nan Konte Madison ak Chenango. Zòn NY Forward Hamilton lan gen ladan limit vilaj Hamilton yo, ak majorite pwojè ki tonbe nan zòn santral anba lavil istorik la. Antanke sant komèsyal pou plizyè milye rezidan seksyon riral yo nan New York Santral ak kay popilasyon etidyan Colgate University, Hamilton ap chèche ankouraje elèv yo pou yo rete apre gradyasyon, atire nouvo jèn pwofesyonèl ak fanmi epi pèmèt rezidan ki egziste deja yo vyeyi an plas. Hamilton vize elaji opòtinite lojman, kreye espas sivik, ak amelyore devlopman biznis, atistik, kiltirèl ak lwazi.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Nou konnen lè nou envesti nan kominote nou yo, yo pwospere, e se egzaktman sa nouvo pwogram nou an, NY Forward, fè pou pi piti kominote riral nou yo. Envestisman enpòtan yo bay atravè pwogram sa a pral ede Vilaj Phoenix, Moravia ak Hamilton amelyore anpil katye anba lavil yo pandan y ap rete fidèl ak cham ti vil yo ak santi sa ki fè yo diferan. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwogrè kominote sa yo alavni."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Inisyativ NY Forward te kreye pou sipòte revitalizasyon kominote riral yo atravè Eta New York. Gras a prim sa yo, Vilaj Phoenix, Moravia ak Hamilton sou wout yon avni ki meenm briyan pou sant vil yo, sa k ap akselere dinamik yo ak kwasans ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Pwogram NY Forward la ekipe minisipalite ki pi piti yo pou yo atenn tout potansyèl yo ak envestisman sible. Finansman yo anonse jodi a pral pèmèt vilaj New York Santral nan Phoenix, Moravia ak Hamilton pou devlope nouvo opòtinite lojman ak opòtinite ekonomik, amelyore enfrastruktik ak ankouraje kwasans entelijan ki pral benefisye tout rejyon an."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral, Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodiktè New York Santral, ak Doktè Linda M. LeMura, Prezidan Le Moyne College, te deklare, "Phoenix, Moravia ak Hamilton vrèman reprezante tout sa ki bon pou pi piti kominote yo nan rejyon New York Santral la ak tout bagay ke yo gen pou ofri. Anpil remèsiman pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen pou ede alimant revitalizasyon bèl kominote sa yo, akselere opòtinite ekonomik pa yo pou ane k ap vini yo."

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te envesti estratejikman nan Vilaj Phoenix, yon kominote ki gen yon sans plas ki solid ak yon koneksyon pwofon ak Kanal Oswego a, epi youn ki kounye a gen yon avni ki pi briyan gras ak Pwogram NY Forward la. Kanal New York yo se yon motè ekonomik pou nò eta New York, AK anpil kominote bò kannal yo tankou Phoenix deja devlope pandan anpil jenerasyon ak koneksyon yo ak vwa navigab istorik sa yo. Enkòpore an 1848, 20 ane apre ouvèti Kanal Oswego a, nouvo enjeksyon finansman sa a pral bati sou istwa fyè Phoenix la epi bay vilaj la yon renesans pou pwochèn jenerasyon rezidan ak vizitè yo."

Manm Asanble Jeff Gallahan te deklare, "Moravia se pòtay ki mennen nan Konte Cayuga, epi li apwopriye pou yo te akòde yo kòm youn nan premye benefisyè NY Forward la nan rejyon nou an. Sa a se an rekonesans travay di ak vizyon ekip lidèchip lokal la ki te travay yon fason agresif pou sekirize lajan sa yo pou ede kòmanse yon avni ki pi briyan, ki plis pwospè."

Manm Asanble Joe Angelino te deklare, "Mwen kontan eta a te akòde Hamilton finansman NY Forward la. Kominote riral yo, tankou Hamilton, se eleman vital New

York, epi chak kominote merite menm rekonesans lan nan men gouvènman an menm jan ak pi gwo vil. Mwen kontan wè Gouvènè a dakò."

Majistra Phoenix lan, Caleb Sweet, te deklare, "Vilaj Phoenix lan mi ak potansyèl epi li pare pou l fini transfòmasyon li an yon kominote kanal ki dinamik. Gras ak Gouvènè Hochul ak pwogram inovan NY Forward la, kounye a nou kapab fè plan nou an vin yon reyalite. Nou pa ka tann pou nou kreye yon plan estratejik ki pral atire nouvo biznis, elaji opòtinite lojman, ogmante pousantaj travay ak amelyore opòtinite pou touris ak lwazi nan Vilaj la."

Majistra Hamilton lan, RuthAnn Loveless, te deklare, "Prim NY Forward sa a pral vrèman transfòmatif pou Vilaj Hamilton. Bay plis lojman abòdab, opòtinite ekonomik, espas sivik aksesib, ak amelyorasyon enfrastrikti pral fè Hamilton yon kominote ki pi aksesib epi ekitab pou tout moun ki vin isit la. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan revitalizasyon anba lavil la epi pou asire ke tout kominote yo gen aksè ak fon enpòtan sa yo."

Majistra Moravia Gary Mulvaney te deklare, "Vij Moravia se yon kominote solid ki gen yon richès kiltirèl, istorik ak fyète. Avèk bon prensip planifikasyon ak yon vizyon ki pote transfòmasyon, Vilaj nou an pare pou elaji òf nou yo epi vin tounen yon destinasyon touristik ak sosyal pou tout eta a. Finansman NY Forward sa a pral ede nou atenn objektif nou yo, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou apwòch inovan li yo pou revitalize sant vil yo nan kominote ki pi piti tankou pa nou yo."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) New York Santral la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande kominote sa yo kòm zòn ki nonmen:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèmman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abita epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplas politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;
- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envetisman Estratejik;
- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplas akoutèm avèk yon enjeksyon fon NY Forward; epi

- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplas, ansanm ak kapasite pou sipèvize kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

Phoenix, Moravia ak Hamilton pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliye ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418